

# Vaksen kont HPV

## (PAPILLOMAVIRUS imen)

### Sa ou dwe konnen

#### 1 Kisa HPV ye?

**Papillomavirus jenital imen** se viris moun plis trape nan kontak seksyèl Ozetazini.

Genyen apeprè 40 kalite HPV. Gen apeprè 20 milyon moun Ozetazini ki enfekte avèk viris la, epi apeprè 6,2 milyon lòt moun anplis enfekte avèk viris la chak ane. HPV gaye pandan kontak seksyèl.

Pifò tan sentòm HPV pa manifeste, epi yo disparèt poukont pa yo. Men, HPV se yon viris enpòtan sitou paske li kapab bay fanm **kansè nan iteris**. Chak ane Ozetazini, genyen apeprè 10 000 fanm ki trape kansè nan iteris, epi 3 700 pami yo mouri. Li reprezante dezyèm prensipal kòz ka lanmò akòz kansè pami fanm toupatou sou latè.

HPV gen pou wè tou avèk plizyè kalite kansè mwen kouran ka gason ak ka fanm. Li kapab lakòz tou veri jenital ak veri nan aparèy respiratwa siperyè.

Plis pase 50 % gason ak fanm ki gen kontak seksyèl regilyèman enfekte avèk HPV yon moman nan lavi yo.

Pa gen tretman pou enfeksyon HPV, men yo ka trete kondisyon li pwovoque yo.

#### 2 Vaksen kont HPV - Pou kisa moun dwe pran vaksen an?

**Vaksen kont HPV** se yon vaksen ki fèt avèk yon viris yo dezaktive (viris la pa vivan) ki pwoteje kont 4 majè kalite HPV.

Pami HPV sa yo, genyen de (2) kalite ki lakòz apeprè 70 % kansè nan matris ak de (2) kalite ki lakòz apeprè 90 % veri jenital. **Vaksen kont HPV kapab prevni pifò veri jenital ak pifò ka kansè nan matris.**

Vaksen kont HPV sipoze pwoteje moun ki pran li pou yon bon bout tan. Men fanm ki pran vaksen yo bezwen kanmèm fè tès depistaj kansè nan matris paske vaksen an pa pwoteje yo kont tout kalite HPV ki lakòz kansè nan matris la.

#### 3 Kimoun ki dwe pran vaksen kont HPV, epi kilè?

##### Vaksinasyon kouran

- Anjeneral yo rekòmande vaksen kont HPV pou ti fi ki gen **laj 11-12 lane**. Doktè yo ka bay ti fi ki gen omwen laj 9 lane, vaksen an.

##### Pou kisa yo bay ti fi yo vaksen kont HPV nan laj sa a?

Li enpòtan pou ti fi yo pran vaksen kont HPV **anvan** premye kontak seksyèl yo – paske yo pa te ko janm ekspoze pou trape HPV. Pou ti fi sa yo, vaksen an kapab anpeche yo trape prè 100 % maladi 4 kalite HPV vaksen yo ka lakòz.

Men, si yon ti fi oswa yon fanm deja enfekte avèk yon kalite HPV, vaksen an pa anpeche li trape kalite maladi sa a.

##### Vaksinasyon anreta

- Vaksen an rekòmande tou pou ti fi ak fanm ki gen **laj 13-26 lane** ki pa te pran li lè yo te pi jèn.

##### Yo bay vaksen kont HPV an twa (3) dòz :

1ye dòz la : Premye fwa li pran l lan pou lemoman

2yèm dòz la : 2 mwa apre 1ye dòz la

3yèm dòz la : 6 mwa apre 1ye dòz la

Li pa rekòmande moun pran lòt dòz (dòz rapèl).

Ou kapab pran vaksen kont HPV anmenmtan ak lòt vaksen yo.

#### 4 Kèk fiyèt oswa fanm pa dwe pran vaksen kont HPV oswa yo dwe tann yon bout tan

- Tout moun ki fè yon **alèji a leven, oswa nenpòt eleman nan vaksen kont HPV a, oswa yon dòz vaksen yo te pran anvan ki manke touye l**, pa dwe pran vaksen an. Pale avèk doktè ou pou di li si moun ki te pran vaksen an te genyen yon alèji grav.

- **Fanm ansent yo pa dwe pran vaksen an.** Vaksen an parèt sennesòf e pou manman e pou tibebe ki poko fèt la, men yo toujou kontinye ap fè rechèch pou detèmine si ta ka genyen yon pwoblèm. Lè yon fanm ansent pran vaksen kont HPV, li **pa** dwe kwè se yon rezon pou li panse fè yon avòtman. Fanm k ap bay tibebe yo tete kapab pran vaksen an sennesòf.

N ap ankouraje tout fanm ki te pran vaksen an lè li te ansent pou li telefone liy telefòn  
**Vaksen kont HPV nan rejis fanm ansent**  
 nan nimewo 800-986-8999.

Enfòmasyon nan rejis sa a ap ede nou konnen kouman fanm ansent yo reyaji lè yo pran vaksen an.

- Moun ki pa twò malad lè yo gen randevou pou pran vaksen an kapab toujou pran vaksen kont HPV. Moun ki **malad enpe grav oswa grav** dwe tann jouk lè yo geri.

## 5 Ki risk ki genyen lè yon moun pran vaksen kont HPV?

Vaksen kont HPV pa sanble pwovoke okenn move reyaksyon grav.

Men, yon vaksen, tankou tout medikaman, kapab pètèt lakòz pwoblèm grav, tankou reyaksyon alèjik grav. Risk pou **tout** vaksen lakòz pwoblèm grav, oswa lanmò minim.

**Plizyè ti pwoblèm** ka rive avèk vaksen kont HPV :

- Doulè kote yo pike moun lan (apeprè 8 moun sou 10)
- Koto yo bay piki a vin wouj oswa li ka anfle (apeprè 1 moun sou 4)
- Ti lafyèv (100 degre Farenmayt) (apeprè 1 moun sou 10)
- Demanjezon kote yo pike a (apeprè 1 moun sou 30)
- Lafyèv modere (100 degre Farenmayt) (apeprè 1 moun sou 65)

Sentòm sa yo pa dire montan, epi yo disparèt poukont pa yo.

Li pa fasil pou vaksen an pwovoke reyaksyon alèjik ki manke touye moun. Sizoka sa ta rive, se ka apeprè kèk minit oswa kèk èdtan lè yon moun fin pran vaksen an.

Menm jan yo fè pou tout vaksen, y ap kontinye kontwòl jan vaksen kont HPV ap aji pou detekte pwoblèm grav oswa pwoblèm anòmal.

## 6 E si yon moun ta gen yon reyaksyon grav?

### Kisa mwen dwe chèche kontwòl?

- Tout kondisyon li pa abitye genyen, tankou yon gwo lafyèv oswa chanjman nan konpòtman li. Sa ki ka endike gen yon reyaksyon alèji grav se : pwoblèm respirasyon, vwa anwe oswa souf anlè, itikè, figi moun lan ka parèt blenm, feblès, batman kè rapid oswa vètij.

### Kisa mwen dwe fè?

- **Telefone** yon doktè, oswa mennen moun lan ba yo doktè touswit.
- **Fè** doktè ou a konnen sa ki pase, dat ak lè sa pase, epi kilè moun lan te pran vaksen an.
- **Mande** doktè ou a, enfimyè ou a, oswa Depatman lasante ekri yon rapò sou reyaksyon an sou yon fòmilè nan Sistèm pou Rapò sou efè segondè yon vaksen *Vaccine Adverse Event Reporting System* (VAERS).

Oswa ou kapab ranpli fòmilè sa a pou w fè rapò a sou sit wèb VAERS nan [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov), oswa ou kapab telefone nan nimewo 1-800-822-7967.

VAERS pa bay konsèy medikal.

## 7 Kouman mwen kapab jwenn lòt enfòmasyon?

- Mande doktè oswa enfimyè ou a plis enfòmasyon. Yo kapab montre w papyè enfòmasyon ki nan bwat vaksen an, oswa yo kapab sigjere w lòt sous enfòmasyon.
- Telefone Depatman lasante nan zòn ou abite a oswa Depatman lasante Eta kote w ap viv la.
- Kontakte Sant pou kontwòl ak prevansyon maladi *Centers for Disease Control and Prevention* (CDC) :
  - Telefone nan nimewo **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)**
  - Ale sou sit wèb CDC nan [www.cdc.gov/std/hpv](http://www.cdc.gov/std/hpv) ak [www.cdc.gov/nip](http://www.cdc.gov/nip).



MINISTÈ SANTE AK SÈVIS IMEN

SANT POU KONTWÒL AK PREVANSYON MALADI

SANT NASYONAL POU VAKSINASYON AK MALADI RESPIRATWA

Enfòmasyon sou vaksen (pwovizwaman)  
 HPV Vaccine - Haitian Creole 2/2/07  
 Vaksen kont *Papillomavirus* imen *Human Papillomavirus Vaccine* (HPV) 2 fevriye 2007

Translation provided by NYC Dept. of Education and NYC Dept. of Health and Mental Hygiene.